## BAS MAQALA

### ПРЕЗИДЕНТИМИЗ И.А. КАРИМОВТЫҢ «ЖОҚАРЫ МӘНАЎИЯТ – ЖЕҢИЛМЕС КҮШ» АТЛЫ МИЙНЕТИ - ИЛИМИЙ ИЗЕРТЛЕЎЛЕРДИҢ ТЕОРИЯЛЫҚ ҲӘМ МЕТОДОЛОГИЯЛЫҚ ҚУРАЛЫ

**Ж.Базарбаев** –*академик*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** маънавият, қадрият, илм, моддий ва маънавий бойлик, миллий ва умуминсоний қадриятлар, назарий, мафкура, таълим-тарбия, фалсафий моҳият.
**Ключевые слова:** духовность, ценности, наука, материальные и духовные богатства, национальные и общечеловеческие ценности, теоретический, идеология, воспитание и образование, философское значение.
**Key words:** spirituality, values, science, material and spiritual wealth, national and general human values, theoretical, ideology, upbringing and education, philosophical importance.

Ҳәзирги дәўирде Өзбекистан уллы мақсетлерге ерисиўде үлкен руўхый ҳәм идеялық тәрбия жумысларын иске асырмақта. Ол тоталитар дизиминдеги ески идеологияның кисенинен қутылып, миллий идеологияның байрағын көтерди. Идеологиялық бослыққа жол қоймай, оны халқымыздың миллий идеялары менен толтырыўды қолға алды. Ғәрезсизликти беккемлеў, жат идеялардан қорғаныў ҳәм жетик инсанды тәрбиялаў ҳүкиметлик мәселеге айланды. Бул мәселе Президентимиз И.А.Каримов басламасы менен Ғәрезсизликтиң дәслепки жылларынан баслап-ақ қолға алынды. Президентимиздиң миллий ғәрезсизлик идеологиясының елимиз ушын жүдә зәрүрлигин көрсетиўи ҳәм оны дүзиўди қолға алыўы бул мәселеде үлкен жолбасшылық руўхый күш болды. Ол дәслептен-ақ: «Өзиниң өмирин, алдына қойған мақсетлерин анық түсине алатуғын, өз келешеги ҳаққында қайғыратуғын миллет ҳеш бир дәўирде миллий идеологиясыз болмаған. Идеология болмаса ҳәр қандай мәмлекет ҳәм жәмийет, қала берсе ҳәр бир инсан өз жолын жоғалтыўы сөзсиз», деген еди. Шынында да, мәмлекет ҳәм жәмийетти айтпағанда, ҳәр бир адамға идея керек. «Қарынды тойдырыў ушын геллени тойдырыўы зәрүр».

Мине, усы халықтың раўажланыўының тийкары ҳәм келешегиниң гиреўи болып, жоқары руўхыятқа апаратуғын миллий идеологияның зәрүрлигинен келип шығып, оның ирге тасы болған жәмийеттиң руўхыйлығын көтериў бойынша аянбай хызмет етип киятырған Ислам Абдуғаниевич Каримовтың мийнетлери бизиң күнделикли исимизге ҳәм илимий-изертлеўимизге методологиялық қурал болып хызмет етпекте. Ол өзиниң ғәрезсизликтен кейинги көп томлық мийнетлеринде елимизде ғәрезсизликти беккемлеўге, өзлигимизди тиклеп, халықтың руўхын көтериўге арналған нешше жыллық мийнетлериниң тийкарында руўхыят илимине, билимине арналған бир пүтин шығарма «Юксак маънавият – енгилмес куч» атлы шығарма дөретиўи тарийхта теңи - тайы жоқ уллы илимий хызмет болды.

Бул төрт бап, он параграф, 173 беттен ибарат мийнет илимий талқысының объективлиги, философиялық ойлаўдың тереңлиги, баҳалаўдың әдиллиги, логикасының тартымлылығы менен, ҳәр бир зыялының стол үсти китабының орнын ийеледи. Соның менен бирге, ол мийнет жәмийетлик, гуманитар, педагогикалық пәнлердиң илимий изертлеўлерине теориялық ҳәм методологиялық қурал ретинде оларды изертлеўдеги табысқа жетиўиниң фундаменти ҳәм шығыў пункты хызметин атқармақта.

Президентимиздиң бул китаптағы үлкен методологиялық көрсетпеси бизиң еркин инсан болып жасаўымызға қарсы қаратылған, бизиң руўхый дүньямызды изден шығарыў мақсетин көзде тутатуғын идеологиялық, идеялық ҳәм информациялық ҳүжимлерге қарсы қойыў өз миллий идеологиямызды жолларын, оның методологиялық тийкарын ислеп шығып, бул идеологиядағы тийкарғы фактор - пикирге қарсы пикир, идеяға қарсы идея, наданлыққа қарсы марипатымыздың зәрүрлигин теориялық тийкардан дәлийллеп берди.

Усы мәселеге байланыслы бул китаптағы ҳәзирги жоқары руўхыятқа байланыслы илимий мәселелерди шешиўге жол жоба беретуғын теорияларға ҳәм методологиялық жөнелислерге дыққат аўдарыўды мақул көрдик. Себеби, илимпазлықта сол нәрсе айқын, итибарлы ҳеш бир жәмийетлик ҳәм гуманитар пәнлер тараўындағы илимий ис, өзиниң тирегисиз, бағдарысыз, таянышсыз болған емес.

И.А.Каримов бул китапта философия тараўындағы илимпазлар ушын әҳмийетли философиялық мәселени ашып берди. Ҳәммеге мәлим адамзат тарийхында барлық философлар материаллық пенен руўхыйлықтың қатнасы бойынша көп тер төккен ҳәм бәсекелескен. Усы көзқараслар нәтийжесинде материализм ҳәм идеализм атлы тәлийматлар келип шыққан.

Кешеги совет дәўиринде философияда, материя биринши ме, сана биринши ме, деген бас мәселе ретинде оған жуўап әҳмийетли болды. Себеби, жәмийет «болмыс сананы анықлайды» деген сиясатта жасады.

Ал, И.Каримов адамлардың материаллық зәрүрликлери инсанның руўхый дүньясына қарсы қойыўдың бир тәреплеме көзқарас екенлигин теориялық тәрептен дәлийлледи ҳәм бундай етип адамның руўхый дүньясын менсинбеўшилик, оны екинши орынға қойыў ақыр-ақыбетинде жәмийеттиң турымысында кризис-дағдарысқа алып келиўин көрсетти.

Усы көзқарастан шығып ол «Инсанға тән умтылысларды жүзеге шығарыў, оның саналы өмир кешириўи ушын зәрүр болған материаллық ҳәм руўхый әлеми, мысалы бир пәрўаз етип атырған қустың еки канатына теңлестирсек, орынлы деп ойлайман» деген теориялық жуўмақты берди.

Философия тарийхында бул еки субстанциялардың тең екенлиги дуализм деген философиялық ағым да белгили еди. Лекин, И.А.Каримовтың бул пикири пүткиллей жаңа ҳәм ҳәзирги замандағы илимпазлардың жетискенликлери менен дәлийлленди ҳәм ҳәммеге муўапық келди.

Демек, бул теориялық жуўмақ ҳәзирги күнде коммунистлик идеологияның басымынан руўхыйлықты мойынлаўымыздан қутылған гезде, барлық илимий-изертлеўдиң методологиялық тийкары ҳәм жоқары руўхыйлығымыздың ирге тасы болып табылады. Бул теория тийкарында адамның жаны, руўхының әжайып қәсийетлери, психикалық өлшемлери, адамлардың кеўил күйи ҳәм жәмийетлик активлиги, адам факторы ҳаққында илимий жаңалықлар ашылыўының тийкарғы теориясын берди.

И.А.Каримов бул китапта философиялық ойлаў тарийхында биринши рет «мәнаўий мәртлик» деген жаңа түсиникти киргизип, оны теориялық тийкардан дәлийлледи. Ол былай деп жазады: «Көпшилик қатарында тек жағдай талап еткенде ғана майданға атылып шығып қаҳарманлық көрсетиў әлбетте, бул да аңсат емес. Лекин, инсаният турмысын түпкиликли өзгертип жиберген улыўма уллы ашылыў ҳәм ойлап табыўлар, классик көркем-өнер ҳәм әдебият маржанлары мәртлик ҳәм қаҳарманлық үлгилери адамзаттың ақыл ой-пикири интеллектуал ҳәм руўхый мәртлигиниң нәтийжеси болып табылады. Соның ушын да бул жақты дүньяда ең уллы мәртлик не, деген сораўға ҳеш екиленбестен, ең уллы мәртлик-бул мәнаўий мәртлик деп жуўап берсек, ойлайман жаңыласпаған боламыз». Бул теориялық жуўмақ бизиң өткендеги тарийхымыздағы, мысалы, Н.Дәўқараев сыяқлы қатағанлықта қорықпай әдебият майданында халықтың қәдириятларын қорғаған инсанларға да тийисли екенлигин көрсетип изертлеўдиң методологиялық тийкарын береди.

Президентимиз бул мийнетинде бизиң тарийхымызға нәзер таслап, оны тарийхшылардың терең изертлеўине

жойбар салады. «Тарийхый яднамалар үлгилери менен жақыннан танысар екенбиз, олардағы терең пикир ҳәм идеялар, өмир философиясы бүгинги күнде де ҳайран қалдыратуғынына жәнe бир рет исеним пайда етемиз». Бизиң қәдирли ҳәм гөззал диярымыз тек ғана Шығыс емес, бәлким, жәҳән цивилизациясы бесиклеринен бири болғанын халық аралық жәмийетшилик тән алмақта деп бизиң тарийхшыларымыз ҳәм археологларымызға үлкен теориялық көрсетпе береди. Бул пикирди даўам етип ҳүрметли Президентимиз кейинги мийнетинде былай дейди: «Ахборот-коммуникация технологиялары, математика, физика, химия, санаат, менежмент булардың ҳәммеси керек әлбетте. Лекин, дәслеп тарийхты билиў – бул өмирлик зәрүрият». Ҳәзир бизиң Қарақалпақстанда 240 тан аслам археологиялық естеликлер бар. Олардан тек төртеўи ғана ЮНЕСКОның дизиминен өткен. Буларды терең изертлеў мәселеси ҳәм булардың ишинен Миздакхан ҳәм сол сыяқлы ашылған естеликлердиң Зоарастризм менен байланыслы мәселелери де терең изертленсе дүнья ҳәмжәмийетиниң дыққатын аўдарыўы итимал.

Китапта И.А.Каримов «қашан ҳақыйқат тарийхқа ийе боламыз» деген сораўға былай: «Тарийхый яд толық дәрежеде тикленген, басып өткен жылларындағы табыслары ҳәм жеңислери, жоғалтыў ҳәм қурбанларын, қуўаныш ҳәм ғамларын үйренген жағдайда ғана ҳақыйқый тарийх болады» деп теориялық жуўмақ берген.

Шынында да, бизиң тарийхымыз өткен шоралар дәўиринде әдеў жүзекилескен еди. Оны қайтадан терең изертлеўдиң әҳмийети жоқары.

Ҳүрметли Президентимиз сол мийнетинде «Бизлер кешеги бағыныңқы дәўирде ким едик? Тәғдиримиз, еркимиз кимниң қолында еди?», -деген сораўларды қойып, шоралар дәўириндеги тоталитаризмниң бизиң тарийхымызға, мәдениятымызға, экономикамызға, мәнаўиятымызға тәсирин изертлеўдеги зәрүрлигин көрсетеди. Ҳақыйқатында, биз кешеги күни кеңес елиниң тек бир шийки зат базасына айланған үлкеси болдық. Бизиң миллий байлығымыз Москваның қолында еди. Бизди ҳасыл нәсилин билмейтуғын мәңқуртқа айландырыўға күш жумсай баслады. Демек, Президентимиздиң теориясы тийкарында тарийхымызды тиклеў, өткен уллы шахслардың халыққа хызметлерин, елимиздиң басына түскен қайғы, ғамлардың тарийхый тийкарын билиў зәрүр. Сондай-ақ, ҳәзирги дәўирде ғәрезсизлик епкининде жеке мәпдарлыққа ҳәм исбилерменликке жол ашылған дәўирде өтмиштеги исбилерменлерден мысалы, Қулен болыс, Лепесбай, Халмурат бай сыяқлы шахслардың хызметлерин көтериў, олардың ақыллы ислерин бизиң халықтың санасына сиңдириў, олардың «пәслиги», «жаўызлығы» сыяқлы түсиниклерден тазалаў лазым. Сондай-ақ, қарақалпақ алымларының бул китаптағы жоқары баҳаға ийе болған Өзбекистандағы жадидшиликтиң Қарақалпақстанға тәсири ҳаққында елеге дейин толық бир пикирге келмегени де тарийхшыларды ойландыратуғын машқала.

Сол китаптағы шоралар дәўиринде «Тилимиз, динимиз қандай аўҳалда еди?» деген, оның пикирден шығып, оны терең изертлеп, ислам дининиң шарапатын ҳәм оның миллет руўхыятының ажыралмас бөлеги ретиндеги Президентимиздиң көрсетпелерин терең изертлейтуғын тоталитар дүзиминдеги қатағанлықты көрсетип ҳәм ислам дининиң мухаддеслигин изертлеў ҳәм оны халық хызметине қойыў оғада әҳмийетли.

Ал, енди тилимиздиң тиклениўине келсек, бул китапта кешеги дәўирдеги өзлигимизге ҳүжимлердиң тәсиринде тилдиң шубарланыўы ҳәм оны тазалаў, тағы да мынаў «диний сөз, «байлардың тили» деген сыяқлы пикирлердиң надурыс екенлигин ҳәм тилимизди халқымыздың тарийхый жетискенликлерин ҳүрметлеп байытыўдың тийкары берилген.

Тилди тиклеў дегеннен, оның әлипбесин қайта ислеў дегени емес, әлбетте, тилдеги патаслықты тазалаў ҳәм оның ҳәзирги заман талабынан қайта көриў ҳәм байытыў дегенди аңлатады. Мысалы, 2015-жылдың 20-октябрь сәнесинде «Еркин Қарақалпақстан» газетасында профессор Қ.Қощановтың «Айырым атамалар ҳаққында ойлар» деген мақаласын оқып, Президентимиз сол китапта көрсеткен миллий идеямыз тийкарында тилимизди тиклеў керек деген тапсырмасының туўры келетуғынлығына беккем кәмил болдым.

Автор мақалада совет дәўиринде тилимизге орысласыўдың тәсиринен кирип кеткен сөзлердиң, өз тилимиздеги өзиниң орнын көрсетип, тилимизди тиклеў ислерине үлесин қосқан. Солай етип, елеге дейин гейпара орысласқан терминлердиң, бизиң тилдеги өзиниң ҳақыйқый салмағына жуўап бере алмай атырғанлығына наразылық көрсеткен. Ол «аға оқытыўшы» (старший преподаватель), «класс мүйеши» (классный уголок), «күн тәртиби» (повестка дня) деген сөзлердиң мәнисиниң орысшадан тиккелей аўдарылыўына қарсы шығып, өзимиздиң тилдеги олардың анық орнын табыўға урынған. Лекин, бундағы табылған эквивалентли «жетик оқытыўшы», «мәжилис тәртиби», «класс турмысы» деп алмастырыў дискуссия туўдырады. Мысалы, бизиң пикиримизше оларды «мәжилис мәселеси», «топардың хызметлери», « аўла ямаса алдыңғы оқытыўшы» десек те болар еди. Лекин бундай мәселелердиң көтерилиўи тилди тиклеўге қаратылған саўаплы ислер болып есапланады.

Соның менен бирге, Президентимиз сол дәўирде «Миллий мақтанышымыз, инсанийлық намысымыз, үрп-әдетлеримиз қандай түсиндирмелер менен алмастырылды?» деген орынлы саўалды ортаға таслады. Шынында да, кешеги күни бизиң дәстүримиз, үрп-әдетлеримиз аяқ асты болды. Жаңа тарийхый бирлик «совет халқы» деген миллий бирликтен жоқары туратуғын жасалма бирлик пайда болды. Оның тийкары интернационализм, коммунизм, социализм, патриотизм деп халықларды өзиниң тилинен, руҳыятынан айырыўды мақсет етти. Ҳәзир өз биийлигимизди алғаннан кейин бул қысыўметти де, өзликти де изертлеў әҳмийетли ўазыйпа. Президентимиз «Журтымыз қанша, қандай байлықлар дизиминиң бар екенлигинен ким хабардар еди» деген сөзинде олардың да орайдың қолында болғанлығын, өндирилген пахта, қазылмалар, газ қайда кетип атырғанлығы ҳәм оннан түскен дәрамат қанша екенлигин хеш ким билмеди. Тек «Пахта бериў - сениң интернационаллық ўазыйпаң» дегенди еситти. Мысалы, Қарақалпақстаннан кететуғын газ трубалары қанша доход береди, ямаса Мойнақтағы балық өндириси, андатра ҳәм норки териси республикаға қанша пайда келтиргенлигин ҳеш ким билмес еди. Буның мысалын Президентимиз өзиниң соңғы китабында былай келтиреди. Қарақалпақстанда, Хорезмде бир балалар бақшасы ашылатуғын болса жоқарыдан Москвадан соралар еди». Бул басқыншылықтың тарийхын изертлеў оғада зәрүр.

Президентимиз сол китапта «Миллий мақтаныш болмыш пахта хақыйқатында миллий мақтаныш болыў орнына мойындырық болып, халқымызды жалаңаяқ қалдыратуғын азап-ақыретлерге алып келген, жала-дөҳметлерден басқа не келтирди» деген ашшы ҳақыйқатлық сораўын ортаға қойды Әне, бул мәселе ҳақыйқатында да, халқымыз ушын үлкен трагедия болды. Нешше адамлар жазықсыз қамалды, нешшеси өзин-өзи өлтирди, нешшеси аўырыў болды, булар ҳаққында изертлеў оғада әҳмийетли екенлигин де Президентимиз хәр сапары 9-май қәдирлеў ҳәм қәстерлеў күнинде бул ләрзеге келтирерлик жынаят ислерди изертлеп, олардың қатағанлығын толық әшкаралаў зәрүрлигин көрсетеди. Бул мәселе, әлбетте, қашан да илимий баҳа алады. Лекин, ҳәзирден басланса толық болады. Себеби, пурсат күтип турмайды. Кейин кеш болады.

Сонлықтан, ҳүрметли Президентимиздиң сол китапта «Ҳақыйқатында да, жаңа тарийхта халқымыздың өз басынан кеширген бундай азап-ақыретлерди, тәғдиримиз халқымыз басында турған мүшкил күнлерди умытыўға бизиң

ҳасла ҳақымыз жоқ», деген сөзи бизге хат пенен қәлем болыўы керек. Сол китапта «Хош өзимиз - ше? Өзимиз өзлигимизди билер ме едик?» Қандай көрнекли зәмин, уллы бабаларымыздың өлмес мийраслары менен азықланған елдиң перзентлери екенлигимизди аңлар ма едик? деген мәселе қайтадан айланып, өзимиздиң нәсилимизди тереӊ изертлеўди алға қойды. Ҳақыйқатында да, бизиң қан тамырларымызда Амир Темур, Мангуберди, Мырза Бабур, Ерназар Алакөз сыяқлы ел перзентлериниң қанының бар екенлигин, биз бурын ҳеш кимнен кем болмағанбыз, еле де ҳеш кимнен кем болмайтуғынымызды тереӊ түсиндириў үлкен илимий ўазыйпа болып есапланады.

Бул мийнеттеги Президентимиз тәрепинен қойылған: Ол гезлери Өзбекистанды дүньяда биреў билер ме еди? Биреў биз бенен есапласар ма еди? деген сораўларының ҳәзирги күндеги жуўабы Өзбекистанның жәҳәндеги абыройы, оның дүньядағы орны, көреген Президентимиздиң ишки ҳәм сыртқы сиясатының әдалатлығы, оны дүньяның тән алыўы, билимлендириў ҳәм тәрбия процесинде бизиң ҳәм мақтанышымыз ҳәм қуўанышымыз болып бизди рухландырады, адам факторын күшейтеди ҳәм бул мәселе де илимий-изертлеўлерде актуал есапланады.

Енди бул мийнеттиң әдебияттаныў тараўындағы әҳмийетине көз жуўыртамыз.

Президентимиз жоқары руўхыятқа ерисиўде халық аўызеки дөретпелериниң жүдә үлкен әҳмийетин көрсетиўинде, қарақалпақ фольклорының жүз томлығын баспадан шығарыў жүдә қол келди. Бул үлкен инабатлы жумыс болды. Енди сол руўхыят дүрданаларын, өзлигимизди әдебий ҳәм философиялық, әдеплилик, эстетикалық туйғыларды тереӊ изертлеў ҳәм тәрбияның хызметине пайдаланыў жүдә әҳмийетли ўазыйпа болып, онда халқымыздың философиялық ойлары көринип, оның тийкарында қарақалпақ философиясын дүзиўге хызмет етеди.

Бул китапта Президентимиз сөз сәнияты болған әдебиятқа, ҳүрмет ҳәм әдалат жаршысы болған дөретиўшилерге жаңадан қатнасқа үлкен кеўил бөлген. Әдебияттың раўажланыўы бойынша әмелге асырылып атырған ислердиң нәтийжелерин көрсетиў менен бирге шоралар дәўириндеги «социалистик реализм» деп аталған жасалма методтың терминниң тийкарында дүзилген әдебиятты миллий идея тийкарында қайта көрип шығыў мәселесин де әҳмийетли орынға қойған. Бул тапсырма бизиң классик әдебиятымыздың көрнекли ўәкиллери Күнхожа, Бердақ, Әжинияз ҳәм т.б. дөретиўшилигине де тиккелей байланыслы. Себеби, ақылдың кәни, даналықтың дереги болған көрнекли дөретиўшилердиң мийрасларын қайта тиклеў үлкен илимий-изертлеўдиң ўазыйпасы. Бул ҳаққында мениң 2002-жылы Еркин Қарақалпақстан газетасында жәрияланған «Қарақалпақ әдебиятының тарийхын қайта жазыў дәркар» деген мақаламды есиңизге саламан.

Айтайық, Бердақ бабамыздың өмирбаянын еле де толық тиклей алмай атырғанымыз, илимпазларымыз ушын кеширилмейтуғын қәте. Елеге дейин Бердақ бабамыздың шығармалары толық жыйналмаған жоқлығы да сондай. Бердақ ҳаққында жазылғанлардың ҳәммесинде Бердақ жүдә жарлы, мүсәпир ямаса саўаты төмен, ҳәттеки оның шығармаларының биразы өзиники емес, ол қазақ перзенти деген ге усаған пикирлер елеге дейин илимий айланыстан алынып атыр. Оның 1950-жылдан бери шығармаларының толық жыйнағы жарық көрмеди. 1998-жылы 170 жыллығына арналып шыққан сайланды шығармалары топламында Бердақтың шығармаларының 30 пайызы қысқарған. Қалғанларының ишинде бурынғы советлик дәўирдеги тәсирлердиң излери ушырасады. Бул ҳаққында биз 1998-жылы «Гәўхар жылўаланған ба» деген мақалада анализлеген едик. Тилекке қарсы, оннан берли бул саўаплы иске ҳеш ким қол урмады.

Сондай-ақ, совет дәўириндеги шайырлардың әдебиятқа қосқан үлесин де миллий идеологияның тийкарында қарап шығыў, олардың совет идеологиясының тәсирине ерксиз хызмет еткенлигин, коммунистлик идеялардың жәбирин тартқанлығын (137-бет) анық көрсетиўимиз ҳәм олардың пәк руўхый толғанысларын әлпешлеў жүдә саўаплы изертлеў болады.

Педагогикалық илимлер тараўында Президентимиздиң: «Тәлимди тәрбиядан, тәрбияны тәлимнен ажыратып болмайды» деген көрсетпеси ҳәзирги күнде педагогика илими тараўындағы изертлеўлердиң ирге тасы болыўы керек. Жасыратуғыны жоқ көпшилик оқытыўшылар бул мәселеге айтарлықтай кеўил бөлмей киятыр. Олардың лекциялары ҳәм әмелий ислери тәлим иси болса, сол ислерде тәрбияның салмағы нелерден ибарат, деген мәселеге кеўил бөлмей лекция оқылса, семинардың апарылса болды, деген ойлардан алыс емес екенлиги көринеди. Ҳәр бир оқылған лекция ҳәм семинардың күнделикли турмысқа байланыслы илимий, руўхый ҳәм әмелий салмаққа ийе тәрбиялық тәсирлери болыўы керек.

Қәне, енди педагогика илиминиң шайдалары мектепте ямаса оқыў орынларында оқыған сабақларының ҳәр бириниң билимге ҳәм тәрбияға тийисли тәреплерин көрсеткен илимий жумысларын жәмийетшиликке усынса үлкен жаңалық болар еди.

Сондай-ақ ғәрезсизликтен кейинги елимизде спорт тараўындағы табыслы ислеримиз, халықтың физикалық қуўатын, жетиклигин көтериўдеги табысы жүдә саўаплы ис болды. Тек 2015-жылы Өзбекистан спортшылары 860 медаль ийеледи. Олардан 311 алтын, 274 гүмис, 276 бронза медаллары екен. Ал, қарақалпақ спортшыларына оның қаншасы тийеди, бурын бундай табыс болған ба еди? Бул да үлгили тарийхтың объекти.

Жуўмақлап айтқанда, Президентимиздиң бул әжайып китабы халқымызды руўхый бийикликке көтериўге қаратылған энциклопедиялық шығарма болып, руўхыятымыздың бәлентлеўине, өзиниң айрықша үлесин қосыўды ойлаған илим пидайлары ушын теориялық ҳәм методологиялық қурал болып есапланады.

Бул китап илим изертлеўде, әсиресе, философия, тарийх, тил, әдебият, педагогика, психология пәнлерине жол көрсететуғын әҳмийетке ийе. Себеби, биз ҳәзир елимизде миллий идеология бойынша руўхый камалатқа жетиўди жобаластырғанлықтан ҳәм бизиң ҳәр бир ислеримиз оған хызмет етип, оны халықтың санасына сиңиретуғын болсақ Ҳүрметли Президентимиздиң бул теориялық көрсетпелери, методологиялық теңи тайы жоқ жол-жоба үлгиси болып табылады.


**РЕЗЮМЕ**

Мақолада Президентимиз И.Каримовнинг «Юксак маънавият – енгилмас куч» асарининг моддий ва маънавий қадриятларни муҳофаза қилишдаги роли ва аҳамияти кенг тавсиф қилинган. Унинг миллий қадриятларни тиклаш, асраш ва кишилар руҳий дунёсини ривожлантиришдаги аҳамияти масалалари институтимизда ташкил этилган семинарнинг бош мавзуси эканлиги таъкидланади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматривается роль и значение труда Президента Республики Узбекистан И.А.Каримова «Высокая духовность – непобедимая сила» в сохранении материальных и духовных ценностей. В ней говорится о том, что вопросы возрождения и сохранения национальных ценностей, их роли в духовном развитии стали основной темой семинара, организованного в пединституте.

**SUMMARY**

The article deals with the role and significance of the work. «High spirituality – unwinming strength» by the President of the Republic of Uzbekistan I.A.Karimov in the protection of material and spiritual values. The author of the article states that the issues of revival and protection of national values, their role in the spiritual development of people became the main theme of the seminar, organized at the institute.